# PUQARALÍQ PROCESSINDE TÁREPLER, OLARDÍŃ TARTÍSÍWÍ HÁM TEŃ HUQÍQLÍLÍGÍ PRINCIPI

**Kallibekov T.**

*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

Puqaralıq processinde dawa tártibinde kóriletuǵın puqaralıq islerinde tárepler process qatnasıwshıları ishinde oraylıq hám tiykarǵı orındı iyeleydi. Sebebi tárepler puqaralıq huqıqıy qatnaslardan kelip shıǵıwshı kelispewshiliklerdiń dáregi esaplanadı, olardıń baslaması menen puqaralıq sud islerin júrgiziw qozǵatıladı. Olar arasında kelisim pitiminiń dúziliwi is júrgiziwdi tamamlawǵa alıp keledi [1]. Tárep degen túsinik tek dawa islerin júrgiziwde qollanıladı. Ayırıqsha tártipte is júrgiziwde, hákimshilik huqıqbuzarlıqtan kelip shıǵatuǵın isler boyınsha is júrgiziwde process qatnasıwshıları arza, shaǵım beriwshi hám mápdar shaxslar bolıp esaplanadı [2]. Nızam menen belgilengen ayırım ózgesheliklerdi esapqa almaǵanda, bul shaxslarda tárepler huqıqınan paydalanadı.

Ózbekstan Respublikası PPKniń 43-statyası birinshi bólimine muwapıq dawager hám juwapker puqaralıq processiniń tárepleri bolıp tabıladı [3]. Solay eken, puqaralıq processinde eki tárep: dawager hám juwapker qatnasadı. Bunda hár eki tárepte neshe shaxs qatnasıwı áhmiyetke iye emes. Mısalı, jumısqa qayta tiklew, májburiy biykar júrgen waqıt ushın mıynet haqı óndiriw haqqında bir neshe shaxs sudqa dawa usınıs etken táǵdirde de olardıń barlıǵı bir tárep, yaǵnıy dawager esaplanadı. Nızamǵa muwapıq puqaralıq processinde tárepler puqara hám shólkemler bolıwı múmkin.

Dawager degende, óziniń buzılǵan yaki dawalasıp atırǵan huqıqları yamasa nızam menen qorǵalatuǵın máplerin qorǵaw maqsetinde sudqa múrájat etken yaǵnıy mápin gózlep ıs qozǵatılǵan shaxsqa aytıladı. Usı tariyp dawagerdiń puqaralıq processindegi qatnasıwınıń eki forması bar ekenligin kórsetedi: birinshiden, dawager degende, óziniń buzılǵan yaki dawalasıp atırǵan huqıqları yamasa nızam menen qorǵalatuǵın máplerin qorǵaw maqsetinde sudqa múrájat etken shaxs tusinilse, ekinshiden, dawager dep basqa shaxslardıń huqıqların qorǵaw maqsetinde sudqa múrájat etiwshi shaxslardıń arzasına kóre ıs qozǵatılǵan shaxs túsiniledi. Birinshi jaǵdayda dawager processti baslap beredi, ekinshisinde bolsa, sud processi baslanǵanlıǵı haqqında xabardar etilgen halda sud tárepinen iske qosıladı.

Joqarida aytip ótilgen statya talaplarına muwapıq, puqaralıq processiniń ekinshi tárepi juwapker esaplanadı. Juwapker dawager talabına muwapıq sud tárepinen dawagerdiń buzılǵan huqıqları hám nızam menen qorǵalatuǵın mápleri boyınsha juwap beriw ushın qosılǵan shaxs esaplanadı. Yaǵnıy óziniń qarsısına talaplar berilgen shaxs juwapker bolıp tabıladı. Táreplerdiń processuallıq huqıqları ulıwma hám arnawlı huqıqlarǵa ajratıladı. Ózbekstan Respublikası PPKniń 40-statyasında hám de taǵı basqa statyalarda názerde tutılǵan hám de iste qatnasıwshi basqa shaxslar da paydalanıwı múmkin bolǵan huqıqlar táreplerdiń ulıwma huqıqları esaplanadı. Ózbekstan Respublikası PPKniń 44-statyası hám de taǵı basqa statyalarda názerde tutılǵan hám de tek tárepler ǵana paydalanıwı múmkin bolǵan huqıqlar arnawlı huqıqlar esaplanadi. Tárepler processuallıq huqıqlardan teńdey paydalanadı ham teńdey minnetlemelerge iye boladi. Táreplerdiń arnawlı huqıqları retinde dawagerdiń dawa tiykarın yamasa predmetin ózgertiwi, qosımsha talaplar usınıwı, dawa talaplarınıń muǵdarın asırıwǵa yaki kemeytiwge, olardan tolıq yamasa tolıq emes bas tartıwı huqıqları tán alınadı.

Juwapker dawanıń talabın tolıq yamasa tolıq emes tán alıwǵa, qarsı dawa usınıwǵa haqılı. Bulardan tısqarı, Ózbekstan Respublikası PPKniń 44-statyası talaplarına muwapıq, dawa isin júrgiziwde tárepler sud processiniń hár qanday basqıshında kelisim pitimin dúziwi yamasa birinshi instantsiya sudında sud máslahátxanaǵa sud hújjetin qabıllaw ushın shıqqanǵa shekem mediativ kelisim dúziw arqalı tamamlawǵa haqılı [4]. Sud dawagerdiń dawadan waz keshiwin, juwapkerdiń dawaǵa ıqrarlıgın eger, bul háreketler nızamǵa qılap bolsa yamasa basqa shaxslardıń huqıqın yaki nızam menen qorǵalatuǵın máplerin buzsa, qabıl etpeydi hám táreplerdiń kelisim pitimin tastıyıqlamaydi. Sonday-aq, dawadan waz keshiw, dawaǵa ıqrar bolıw, kelisim pitimin dúziw táreplerdiń erkine, nızamǵa, mámleket máplerine qarsı bolsa, tárepleren birewiniń yamasa basqa shaxslardıń máplerine zıyan keltiretuǵın bolsa, sud ıs boyınsha tóplanǵan dálillerdi tekseriwdi dawam ettiredi hám usı ıstıń jaǵdaylarına muwapıq tárzde qarar shıǵaradı.

Puqaralıq processinde tárepler teń processuallıq huqıqlardan paydalanadı. Tárepler ózlerine berilgen barlıq processuallıq huqıqlardan hújdan menen, insaplı túrde paydalanıwǵa májbúr esaplanadı. Processti soziw yamasa buzıw maqsetinde hár qanday nızamsız háreketlerge sud jol qoymaydı.

Táreplerdiń processuallıq huqıqları olardıń processuallıq minnetlemeleri menen baylanıslı. Tárepler processuallıq minnetlemelerin shın kewilden orınlawları kerek. Hár bir tárep óziniń talapları hám kelispewshiliklerine tiykar etip kórsetken jaǵdaylardı Ózbekstan Respublikası PPKniń 71-statyasında belgilengen tartipte tastıyıqlawı shárt. Processuallıq huqıqlardan nadurıs paydalanıw yamasa processuallıq minnetlemelerdi orınlamaw tárepler ushın unamsız aqıbetlerdi júzege keltiredi (mısalı, dawa arzasınıń qaytarılıwı, arzanıń kórmesten qaldırılıwı, ıstıń keyinge qaldırılıwı, ıstıń sırttan kórip shıǵiliwı hám taǵı basqa). Puqaralıq isi boyınsha tárep, yaǵnıy huqıqıy qatnasıqtıń subekti bolıwdıń tómendegi belgileri bar degen juwmaqqa kelemiz. 1) Is boyınsha sud processi tárepler atınan alıp barıladı. Bunıń ámeliy áhimiyeti sonda, nızam boyınsha áyne bir tárepler ortasında, bir tiykarlar boyınsha hám áyne bir zat boyınsha bolǵan daw kórilip sheshilgen islerdiń kórilmesligi belgilengen. 2) Dawa qozǵatıw aqıbetinde tárepler ortasındaǵı qatnasıq rásmiy dawlı háreketke aylanadı. 3) Dawlı materiallıq huqıqıy qatnasıq subektleri bolǵan tárepler iste materiallıq huqıqıy mápke iye boladı. Sud qararı olardıń materiallıq huqıqlarına óz tásirin tiygizedi - olar qandayda bir materiallıq baylıq arttıradı yaki onı joǵaltadı. 4) Sud penen processuallıq huqıqıy qatnasıqqa kirip, tárepler óziniń huqıqların qorǵaw imkániyatınan, ózine paydalı qarardı alıw háreketinen hám onı ámelge asırıwdan ibarat iste processuallıq mápke iye boladı. 5) Sud processiniń tiykarǵı bas qatnasıwshıları bolǵan, tárepler sud qárejetlerin óz moyınlarına alıwları kerek. Bul kórsetilgen belgiler jámlesken jaǵdayda tek tárepleřge tán bolıp, tek ǵana olar tárepleřdi istegi basqa qatnasıshılardan ajratıwǵa imkániyat beredi.

Huqıqıy ádebiyatlarda sudqa basqa shaxslardın huqıq hám máplerin qorǵaw ushın, arza menen múrájat etken prokurordıń puqaralıq procesindegi processuallıq huqıqıy jaǵdayı haqqında da kóplegen pikirler bar. Mısalı, huqıqtanıwshı alım Sh. Shoraxmetovtıń pikrine qaraǵanda, prokuror iste qanday formada qatnasıp atırǵan bolsa, ol sol waqıtta sud iskerligin emes, bálki sudta nızamnıń orınlanıwı ústinen óz wákilligin támiyinleydi hám ádil sudlawdı ámelge asırıwda kómeklesiwshi shaxs bolıp qala beredi [5]. Yaǵnıy bul pikirden, prokuror iste nızamlarda belgilengen jaǵdaylarda qatnasıp atırǵan bolsa, ol sudta nızamnıń orınlanıwı ústinen óz wákilligin támiyinlep, ádil sudlawdı ámelge asırıwda kómeklesiwshi shaxs sıpatında qatnasıp atırǵanlıǵın kóremiz. Huqıqtanıwshı alım E. Egamberdievtiń pikirine qaraǵanda, basqa shaxslardıń huqıq hám nızamlı máplerin qorǵaw ushın prokuror dawa usınıs etken bolsa da, ol iste tárep bolıp esaplanbaydı [6]. Sebebi, bul jaǵdayda, iste mápi qorǵalıp atırǵan shaxs sudqa dawa usınıs etpegen bolsa da, sol shaxs tárep bolıp esaplanadı. Bul máselege baylanıslı huqıqtanıwshı alımlar M. Mamasiddiqov hám M.Karimovlarda puqaralıq processinde prokuror moynındaǵı wazıypanıń ózgesheliginen kelip shıǵıp, puqaralıq processinde qatnasıwshı basqa shaxslardan ǵárezsiz túrde háreket etiwin, puqaralıq procesindegi tárep yamasa processuallıq mániste dawager degen noqattı - názerdi ilgeri súrgen avtorlardıń pikiri menen kelisip bolmaslıǵın, tárepler túsinigi puqaralıq processuallıq huqıqı iliminde arnawlı bir mazmun hám ayırıqsha ózgesheliklerge iye ekenligin atap ótedi [7]. Joqarıda aytıp ótilgen yurist alımlar Sh.Sh.Shoraxmetov, E.Egamberdiev hám M. Mamasiddiqovlardıń pikirine qosılıw múmkin. Sebebi, puqaralıq procesinde tárepler is juwmaǵınan materiallıq hám processuallıq mápdar shaxslar boladı. Prokuror bolsa, dawagerdiń ayırım arnawlı huqıqlarınan paydalana almaslıǵı, yaǵnıy eger dawager razı bolmasa, prokuror ózi arız etken talaplardıń tiykarın yamasa predmetin ózgertiwge, dawa talaplarınıń muǵdarın kóbeytiw yaki kemeytiwge haqılı emesligi, óz gezeginde dawager bola almaslıǵın ańlatadı.

Puqaralıq huqıqında tárepler puqaralıq-huqıqıy qatnasıqlardıń tiykarǵı qatnasıwshıları esaplanadı. Tárepler sıpatında fizikalıq shaxslar, yuridikalıq shaxslar, sonday-aq, mámleket hám onıń uyımları da qatnasıwı múmkin. Olar óz-ara huqıq hám minnetlemeler tiykarında qatnasıqqa kirisip, óz máplerin ámelge asırıwǵa háreket etedi. Puqaralıq huqıqıy qatnasıqlarında tárepler teń huqıqlı esaplanadı hám bir-birine qarata hákimshilik boysınıw qatnasıqları bolmaydı. Puqaralıq huqıqınıń áhmiyetli ózgesheliklerinin biri - táreplerdiń teńligi hám ǵárezsizligi. Yaǵnıy, hár bir tárep óz huqıq hám minnetlemelerin erkin ámelge asıradı, shártnamalar dúzedi, múlklik hám jeke múlklik emes huqıqların qorǵaydı. Sonıń menen birge, tárepler nızam talaplarına ámel etiwi hám basqa shaxslardıń huqıqların buzbawı kerek.

Juwmaqlastırıp aytqanda, puqaralıq huqıqında tárepler huqıqıy qatnasıqlardıń tiykarǵı subekti bolıp, olardıń teńligi, ǵárezsizligi hám nızam tiykarında háreket etiwi puqaralıq huqıqı sistemasınıń nátiyjeli ámel etiwin támiyinleydi. Táreplerdiń huqıqları menen minnetlemelerin anıq belgilew bolsa huqıqıy qatnasıqlardı tártipke salıw hám ádillikti támiyinlewde úlken áhmiyetke iye. Tartısıwshılıq, bul sud isin júrgiziwdiń demokratiyalıq principlerinen biri esaplanıp, oǵan kóre, istiń kórip shıǵılıwı sud májilisinde táreplerdiń tartısıwı túrinde bolıp ótedi. Processtiń barlıq qatnasıwshıları teńdey processuallıq huqıqlarǵa iye bolıp: sud is jaǵdayların hár tárepleme, tolıq hám qalıs talqılaw, nızamlı hám tiykarlı qarar shıǵarıw ushın haqıyqattı anıqlaw maqsetinde nızamda názerde tutılǵan barlıq sharalar hám ilajlardı qabıl etiwi tiyis [8].

Ózbekstan Respublikası PPKniń 10-statyasına muwapıq, puqaralıq sud islerin júrgiziw táreplerdiń tartısıwı hám teń huqıqlılıǵı tiykarında ámelge asırıladı. Tartısıwshılıq principine muwapıq iste qatnasıwshı hár bir shaxs óz talabına hám qarsılıǵına tiykar etip keltirgen jaǵdaylardı tastıyıqlawı kerek. Tárepler tartısıwı arqalı obektiv haqıyqatlıq anıqlanadı. Sebebi tartısıwshılıq principi sudqa isti durıs sheshiw ushın zárúr bolǵan isenimli dárejede múmkinshilik beredi. Teń huqıqlıq bolsa, insan hám puqaralıq statusınıń konstituciyalıq principlerinen biri. Joqarıda aytıp ótilgendey, Ózbekstan Konstituciyasınıń 19-statyası 2-bóliminde, "Sudlar haqqında"ǵı Nızamnıń 11-statyasında barlıq puqaralar birdey huqıq hám erkinliklerge iye ekenligi, yuridikalıq shaxslardıń da sud aldında, nızam aldında teń ekenligi kórsetip ótilgen. Konstituciyadan kelip shıǵıp, teń huqıqlıqtıń bir neshe ózine tánligin ajıratıw múmkin: insannıń insan menen; erkek hám hayaldıń (jınıslar teńligi); milliy teń huqıqlıq h.t.b. Sonday aq, bul princip mámleketke tiyisliligine qaramastan (Ózbekstanlıq puqaralar, sırt ellikler hám puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar) kóplegen huqıq hám erkinliklerge hár qanday shaxs ushın kepillik beredi (bul "hámme nızam hám sud aldında teńdey" qaǵıydasında, sonday aq, "hár kim huqıqqa iye", "hár kimge kepillik beriledi" dep atalǵan ayırım konstituciyalıq normalarda kórsetiledi). Táreplerdiń teń huqıqlılıǵı principi bir tárepten, olardıń processuallıq huqıqlarınıń tolıqlıǵın, ekinshi tárepten, processte táreplerdiń jaǵdayı sudqa qaraǵanda teńligin bildiredi. Táreplerdiń teń huqıqlılıǵı principine múlkshilik tárepten emes, bálki processuallıq kózqarastan qaraw kerek. Sol sebepten táreplerdiń teń huqıqlılıǵı processuallıq mánistegi teńliginde ayqın kórinedi. Bul processuallıq mánistegi teńlik táreplerdiń processuallıq huqıqlardan teń paydalanıwında kórinedi.

Puqaralıq processuallıq kodeksiniń 8-statyasında puqaralıq sud islerin júrgiziw táreplerdiń tartısıwı hám teń huqıqlılıǵı tiykarında ámelge asırılıwı belgilengen. Tartısıwshılıq principi ámelde bolıwı ushın tárepler belsendi bolıwı, óz huqıqlarınan tolıq paydalanıwı hám is boyınsha barlıq zárúr dálillerdi usınıwı kerek. Sud bolsa bul processte táreplerge teń imkaniyat jaratıp beriwi, olardıń huqıqların sheklemewi hám isti qalıs kórip shıǵıwı shárt. Usı arqalı puqaralıq procesiniń tiykarǵı maqseti - haqıyqattı anıqlaw hám ádil qarar shıǵarıw támiyinlenedi. Sonday aq, bul principler puqaralıq sud islerin júrgiziwde demokratiyalıq hám huqıqıy mámleket principlerin ámelge asırıwda úlken áhmiyetke iye. Sebebi táreplerdiń teń huqıqlılıǵı hám tartısıwshılıq sud procesiniń ashıq-aydınlıǵın, ádilligin hám nızamlılıǵın támiyinleydi. Bul bolsa puqaralardıń sudqa bolǵan isenimin bekkemleydi hám olardıń huqıqları menen nızamlı máplerin nátiyjeli qorǵawǵa xızmet etedi.

Juwmaqlastırıp aytqanda, tartısıwshılıq hám táreplerdiń teń huqıqlılıǵı principleri puqaralıq processuallıq huqıqınıń ajıralmas bólegi esaplanadı. Bul principler sud dodalawınıń ádil, qalıs hám nátiyjeli ótiwin támiyinlep, táreplerge óz

huqıqları menen máplerin erkin qorǵaw imkaniyatın beredi. Nátiyjede sud tárepinen qabıl etiletuǵın qararlar nızamlı, tiykarlı hám ádil bolıwı támiyinlenedi. Demek, bul principlerge qatań ámel etiliwi puqaralıq sud islerin júrgiziw nátiyjeliligin arttırıwda hám nızamlılıqtı támiyinlewde áhmiyetli faktor esaplanadı.

**ӘДЕБИЯТЛАР**


1. Шорахметов Ш.Ш. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик процессуал хукуқи. Дарслик. (Лотин ёзувида). - Тошкент, ТДЮИ. 2007.
2. Мамасиддиқов М.М., Шайзаков Ш.И., Шамшидинов У.Т. Фуқаролик суд ишларини юритишда прокурор ваколатини таъминлаш масалалари // Илмий-амалий қўлланма. –Тошкент, 2020.
3. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик процессуал кодекси. Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 13.01.2021 й., 03/21/661/0011- сон.
4. Мухамедов Р. Фуқаролик процесси. «Қонун ҳимоясида». -Т.; -1999 й.
5. Шорахметов Ш.Ш. Ўзбекистон Респбликасининг Фуқаролик процессуал хукуқи. -Т.: Адолат. 2001. -76 б.
6. Эгамбердиев Э. Фуқаролик жараёни ҳуқуқида даъво муаммолари. Юридик фанлар доктори илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. -Тошкент, 2007.
7. Мамасиддиқов М., Каримов М., Фуқаролик процессида прокурор иштироки. Ўкув қўлланма. Проф.Ш.Ш.Шорахметов таҳрири остида. -Т.: АҚҲМИ, 2008. -32 б.
8. Ўзбекистон юридик энциклопедияси. Нашр учун масъул Р.А.Муҳитдинов ва бошқалар. - Т.: «Адолат» 2010. - 704 б.


**Rezyume.** Ushbu maqola fuqarolik protsessida taraflar tushunchasiga, ularning huquq va majburiyatlarini oshib berishga ham da taraflarning tjrtıshıvshılık, teng huquqlılık principlariga bag'ishlangan.

**Tayanch so'zlar:** da'vogar, javobgar, buzilgan huquqlar, da'vo, moddiy huquqlar, prokuror, tartısıwshılıq principi.

**Резюме.** Данная статья посвящена понятию сторон в гражданском процессе, раскрытию их прав и обязанностей, а также принципам состязательности и равноправия сторон.

**Ключевые слова:** истец, ответчик, нарушенные права, иск, материальные права, прокурор, принцип состязательности.

**Summary.** This article is devoted to the concept of parties in civil proceedings, the disclosure of their rights and obligations, as well as the principles of adversarial proceedings and equality of the parties.

**Key words:** plaintiff, defendant, violated rights, claim, material rights, prosecutor, adversarial principle.

---